



Sibvansyon pou Estabilizasyon Gadri Timoun yo la! Sèvi ak lajan sibvansyon sa a pou fè amelyorasyon nan pwogram ou an oswa ede li refè anba ijans sante piblik COVID-19 la.

Sibvansyon sa yo se yon investisman istorik nan domèn gadri timoun. Pwofite opòtinite inik sa a epi aplike!

## Opsyon: Depans Pèsonèl, Pewòl Ak Salè, Avantaj

Sèvi ak lajan sibvansyon nan opsyon sa a pou peye pou bagay tankou:

- Depans pèsonèl (pewòl, salè, nouvo anplwaye, elatriye)
- Avantaj pou anplwaye (asirans sante, dantè, vizyon)
- Depans ak kontribisyon pou retrèt
- Depans pou edikasyon (devlopman pwofesyonèl, fòmasyon, bous detid, elatriye)
- Depans pou Gadri
- Konje maladi oswa konje familyal peye
- Depans pou transpò anplwaye (gaz, pakin, transpò piblik, elatriye)
- Sipò pou pran vaksen COVID-19 la (randevou, konje maladi peye, transpò)

## Pa bliye dokimante!

- Ou pa bezwen voye resi oswa fakti, men ou **DWE** dokimante kijan ou depanse lajan sibvansyon ou an.
- Ou dwe kenbe resi ou yo ak dokiman dosye a, nan yon katab oswa yon fason elektwonik, pou omwen senk (5) lane.

## Ki kote mwen dwe ale pou aplikasyon an, pou plis enfòmasyon, ak mizajou?

- Sit Entènèt Sant Èd Estabilizasyon an (aplikasyon/vidyos sou entènèt ki dekri tout 8 opsyon yo): [ocfs.ny.gov/childcare-stabilization/](https://ocfs.ny.gov/childcare-stabilization/)
- Ajans lokal Resous ak Referans sou zafè Gadri Timoun ou an: [ocfs.ny.gov/programs/childcare/referral-agencies.php](https://ocfs.ny.gov/programs/childcare/referral-agencies.php)
- Sosyete Lojman ak Devlopman Ekonomik pou Fanm: [whedco.org](https://whedco.org)
- Ajans enskripsyon w lan (Enrollment Agency, EA)
- Reprezantan sendika w la